ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЕЙ ІАЛЫМ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№186 (21.094) ● 2007 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Жаклин удз гъэгъахэр иратащ

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс иригъэблагэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Щыхубз художникъ, Художествэхэмкіэ Урысей Академиемрэ и член-корреспондент, Художествэхэмкіэ Европэ Академиемрэ хэт Кіыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ Мосс Жаклинрэ. ЗэІушІэм кърихьэлІащ Парламентым ЩэнхабзэмкІэ, спортымкІэ, туризмэмкІэ, щыхубз хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ ІэщІэ Заур, КЪБР-м и Художникхэм я союзым и тхьэмадэм и къуэдзэ Бгъэжьнокъуэ Заурбэч сымэ.

ХЬэЩІэХЭР гуапэу иригъэблагэри, Бечелов Ильяс абыхэм яхуиІуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым есым фІэфІу Урысейм зэрыхьыхэр илъэс 450-рэ зэрырикъум теухуа гуфІэгъэхэр республикэм зэрыщекІуэкІар къызэрыщыхъуар. А гуфІэгъуэхэр Кіыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэрэ я нэгу щІэкІащ икІи икъукІэ зэщІэгъэзыІуэуэ къызэрагъэпэщауэ къалъытащ. Адакіэ Кіыщ Мухьэдин Къэбэрдей-Балъкъэрым и сурэт гъуэзджэм и щытыкІэм тегузэвыхьащ. Республикэм щыпсэу художникхэм къахуэей щымыІэу щІыналъэ телъыджэм, абы и лъэныкъуэкІэ къащтэмэ, Іэджэ щыпхузэфІэгъэкІынут.

ХьэщІэм жиІахэм пажу куэд зэрыхэлъыр къыхигъэщри, Парламентым и спикерыр тепсэлъыхьащ щэнхабзэм, гъуэзджэм я Іуэхущапіэу ЩэнхабзэмкІэ Мосс Жаклин Кіыщ Мухьэдин Малагэ (Андалузие) Университетым щригъэкІуэкІа гъэлъэгъуэныгъэм и каталогыр Парламентым и Унафэщім иратащ. Бечелов Ильяс роз гъэгъа Іэрамэпхуэкіэ Мосс Жаклин хуэупсащ, Кіыщ Мухьэдини Къэбэрдей-Балъкъэрым и ерыщ гъэщІэрэщІар иратащ.

МЭЗ Ириной,
КЪБР-м и Парламентым и пресс-секретарь.

Сурэтыр тезыхар **ЕЛЪКЪЭН Артурщ.**

●КЪБР-м и Парламентым

Депутатхэр зэхуосыж

КЪБР-м и Парламентым дыгъуасэ щекІуэкІащ зыгъэпсэхугъуэ нэужым лэжьэн щІэзыдзэжа депутатхэм я япэ зэІушІэр.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Ярин Андрей**, абы и къуэдзэхэу **ДыщэкІ Мадинэрэ Чеченов Ануаррэ**, экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ, финансхэмкІэ, ухуэныгъэмкІэ министрхэр зыхэтя зэхуэсыр кІыхьэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ Парламентым и Унафэщі **Бечелов Ильяс.**

Зытепсэлъыхьыну яубзыхуя Іуэхугъуэхэм депутатхэр щигъэгъуэза нэужь, Бечеловым япэ псалъэр иратащ Парламентым и лъжьыгъэр кІызэгъэпэщыныкІэ, регламентымкІэ, депутат хабзэхэмкІэ комитетым и унафэщі **Махуэ Владимир.** Урысей Ипщэ Парламент Ассоциацэм КЪБР-м и Парламентым и ІыхьэІуэ щыІэм и Іуэхущапіэ ЩэнхабзэмкІэ, спортымкІэ, туризмэмкІэ, хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ Парламентым и комитетым и унафэщІ Іэпщэ Заур абы хагъахьэну, а Ассоциацэм Социальэ политикэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и комитетым хэт, КЪБР-м и депутат Аванесьян Сергей и пІалъэ. Абы и зэдзэрэзыуэ депутатхэм Іэ яІэтащ икіи къащта унафэр Урысей Ипщэ Парламент Ассоциацэм хуагъэхьыну зэгурыІуэщ.

Адэкіэ зэІушІэм хэтхэр ёдэІуэщ КЪБР-м экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий.** Ар тепсэлъыхьащ 2008 - 2010 гъэхэм КЪБР-м социально-экономикэ зыужьныгъэу иГуэтын хуейм теухуауэ Президент Къанокъуэ Арсен къыхилъхьам. Министрым кІиІэта Іуэхум пищэу къэпсэлъащ Экономикэ политикэмкІэ Парламентым и комитетым и унафэщІ **Малкаров Тіэкьир.**

- Дэ дыдоІыгъ макроэкономикэм ехуэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу проектым къыщыгъэльэгъуаэр, - жиІащ абы. - Нэрыльагъущ цІыхубз хозяйствэм и лъэныкъуэ псоми зэрызыужьыр. КЪБР-м и Правительствэм 2007 гъэм мэлыхьыхьым и 13-м къищта Унафэ №169-РП-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социально-экономикэ зыужьныгъэу иГуэтын хуейр илъэсищ (2008 - 2010 гъэхэм) къызэІуихыдэу абыхэу яІэ зэхагъэуващ.

КЪБР-м Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм и лэжьыгъэм кІуикІуэхэмрэ 2008 - 2010 гъэхэм республикэм зэрызыужьынымрэ и проекту къыхалъхьамрэ депутатхэм зэдзэрэзыуэ къащтащ.

Адэкіэ къэпсэлъапІэр хуит хуащІащ КЪБР-м финансхэмкІэ и министр **Бышэн Азрэт.** 2008 гъэм КЪБР-м и республикэ бюджетымкІэ КЪБР-м и Президентым къыхилъхьам теухуауэ къыщыпсалъэм, министрым къыхигъащІащ дызыкъуэкІуэ ильэсым республикэм и хэхъуэр бюджет системэм зэрыгъэгуащэну нормативкэр, индексацэ зытеХуэ ставкэхэр, бюджет Іуэхущапіэхэм къат хэхъуэр къызэрагъэсэбэнну щІыкІэр, бюджетым къызэщІиубыдэ кредитхэр зэратыну щІыкІэхэр, нэгъуэщІхэри. Министрым и псалъэхэм къыпызыщІа доклад ищІащ Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансхэмкІэ Парламентым и комитетым и унафэщІ **Ахъуэхъуэ Къанщобий.** Мыбдежым къыхэпсэщыпхъащ мы зэІуІэм и пэ къихуэу Парламентым и комитет псори, Правительствэм хэтхэр я ГъусэУ, набдзэгубдзапІэу икІи гупсэхуэу республикэ бюджетым и проектым зэрыхэлъпІар, зэрелэжьар. Аращ зэ къеджэгъэкІэ зэдзарэзыуэ законопроектыр къыщІащтар. Къэпсэлъэхэм жуаоп ираташ депутатхэр игъэпІейтейуэ зыщІэупщІа псомэ.

Депутатхэр а махуэм хэпІащ иджыри законопроект 14-м икІи арэзыуэ къызэдащтащ.

ЛЬОСТЭН Муссэ.

●Дыгъуасэ

Жылагъуэ советым и япэ зэІушІэ

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщі Мухьэмэд къопсалъэ.

Къэрал кІуэщІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КЪБР-м щыІэм и деж Жылагъуэ советым къыщыІэрагъэпэщащ. Абы теухуа кІуэх унафэр къыщащтащ. советым хэтыныгъэр щаубзыхуащ, и лэжьыгъэр зыхуэунэтІауэ щытыныгъэм, гулъытэ нэхъ зыхуэщІыныгъэм щытепсэлъыхьащ политикэ партхэм, жылагъуэ зэгухьныгъэхэмрэ дин Іуэхущапіэ хэмрэ я ДыкІуэжьр кърихьэлІэу КЪБР-м и МВД-м дыгъуасэ щекІуэкІа зэІушІэм.

ЖЫЛАГЪУЭ советым и япэ зэхуэсыр иригъэкІуэкІащ республикэ милицэм и унафэщІ **Томчак Юрий.** Абы къигъэльэгъуащ апхуэдэ совет УФ-м и МВД-м щаубзыхуауэ зэрыщылажьэр.

Жылагъуэ советым и мурадхэмрэ и пащхьэ иригъэвэжь къыдэхэмрэ, советым хэтхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэм зэрызыхуагъаззэм зэІушІэм кърихьэлІахэр щыгъуазэ ищІащ министрым и къуэдзэ милицэм и полковник **Горячев Виталий.**

Къыхэдгъэщынщи, Жылагъуэ советыр къыщыІэзрагъэпэща щхьэусыгуэхэм яущыщІ хабзэр гъэбыдэныр, къэрал кІуэцІ Іуэухугъэм кІэ органэм и лэжьакІуэхэм я правовой щэнхабзэм хэгъэхъуэныр, апхуэдэуи КЪБР-м щыІэ МВД-р демократие граждан жылагъуэ уХуэным нэхъри жыджэру хэтыныр.

Жылагъуэ советым хагъэхьасэм ящыщІ КЪБР-м и япэ Президент КІуэкІуэ Валерий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием и ректор, «Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и политсоветым и унафэщІ **Жэрыкъуэ Борис**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфыщІэ Мухьэмэд**, КЪБР-м и Президентым и деж щыІэ Жылагъуэ-чэнджэщакІуэ советым хэт **Багъ Юрий**, КЪБР-м ЩэнхабзэмкІэ и фондым и унафэщІ **Взрокъуэ Владимир**, дин Іуэхущапіэхэм я унафэщІхэр, нэгъуэщІхэри.

УЭРДОКЪУ Женя.

ЗэІушІэр йокІуэкІ.
Сурэтэхр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

●КЪБР-м и Парламентым

Щэныгъэ ящІыгъуэ ящІ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Щыхубз художникъ, Художествэхэмкіэ Урысей Академиемрэ и член-корреспондент, Художествэхэмкіэ Европэ Академиемрэ хэт Кіыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ Мосс Жаклинрэ ЩэнхабзэмкІэ, спортымкІэ, туризмэмкІэ, щыхубз хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ ІэщІэ Заур, КЪБР-м и Художникхэм я союзым и тхьэмадэм и къуэдзэ Бгъэжьнокъуэ Заурбэч сымэ.

ХЬэЩІэХЭР гуапэу иригъэблагэри, Бечелов Ильяс абыхэм яхуиІуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым есым фІэфІу Урысейм зэрыхьыхэр илъэс 450-рэ зэрырикъум теухуа гуфІэгъэхэр республикэм зэрыщекІуэкІар къызэрыщыхъуар. А гуфІэгъуэхэр Кіыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэрэ я нэгу щІэкІащ икІи икъукІэ зэщІэгъэзыІуэуэ къызэрагъэпэщауэ къалъытащ. Адакіэ Кіыщ Мухьэдин Къэбэрдей-Балъкъэрым и сурэт гъуэзджэм и щытыкІэм тегузэвыхьащ. Республикэм щыпсэу художникхэм къахуэей щымыІэу щІыналъэ телъыджэм, абы и лъэныкъуэкІэ къащтэмэ, Іэджэ щыпхузэфІэгъэкІынут.

ХьэщІэм жиІахэм пажу куэд зэрыхэлъыр къыхигъэщри, Парламентым и спикерыр тепсэлъыхьащ щэнхабзэм, гъуэзджэм я Іуэхущапіэу ЩэнхабзэмкІэ Мосс Жаклин Кіыщ Мухьэдин Малагэ (Андалузие) Университетым щригъэкІуэкІа гъэлъэгъуэныгъэм и каталогыр Парламентым и Унафэщім иратащ. Бечелов Ильяс роз гъэгъа Іэрамэпхуэкіэ Мосс Жаклин хуэупсащ, Кіыщ Мухьэдини Къэбэрдей-Балъкъэрым и ерыщ гъэщІэрэщІар иратащ.

МЭЗ Ириной,
КЪБР-м и Парламентым и пресс-секретарь.

Сурэтыр тезыхар **ЕЛЪКЪЭН Артурщ.**

Хьэрыкъуэ щІэныгъэ хьыІэрагъэщІэр ягъэзэщІэжауэ

Финанс хабзэхэр зэрагъэзащІэм, щыуэпсыр зэрахьуэкІэм, санитар-эпидемиологиемкІэм, нэгъэзащІэмкІэ зэрахуа къэпщытэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыну къызыбгъэдэхуэу ведомствэу 17-м зэпыІуэу 2007 гъэм щыщхьэІуэ и 7-м къыдагъэкІащ юридическэ ІэнатІэхэмрэ щкъэзакІуэу хьэрычэт лэжьакІуэхэмрэ зыбгъэдэт ІэнатІэкІэ къыхэпащыгъэну планхэр щызэхальхьэкІэ, апхуэдэ къещыпытэныгъэхэр щрагъэкІуэкІэ зэпыщІауэ щытыныр, информацІкІэ зэхъуэжьныр теухуа приказ.

АПХУЭДЭ унафэм и фІыщІэкІэ хабзэхъуэм, къэпщытакІуэ, кІэльыплъакІуэ органхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр зэрагъэУнущ, къэпщытэныгъэхэр зэщІыгъуу къызэрагъэпэщынущ икІи ахэр законым зэрыщІагъэувам ЩІуэ зэрыхэр пІалъэ пыуХыкІахэм трагъэувэнщ. ИщхьэкІэ къыщыщІэльэгъуэ атегъанхэм я лэжьыгъэр зэгъэуІуныр и пщэ кьыдохуэ абы папщІэ КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ щынагъэншагъэмкІэ и советым и деж къыщызэрагъэпэща гуп щхьэхуэм. Мы унафэр кІащтащ хабзэхьуэм, къэпщытакІуэ, кІэльыплъакІуэ органхэм я Іуэхум зыри хамагъэІэбэн щхьэусыгуэкІэ зэрагъанэу зэрекІуэкІам къыхэкІыу. Дяпэкіэ къэпщыт акІуэ, кІэльыплъакІуэ органхэр быдэу зэпыщІауэ зэдзэпхьэнущ икІи хьэрычэт Іэнатіэм щекІуэкІ къэпщытэныгъэхэр яГъэмащІ. Абыхэм кьадэкІуэу хозяйствэ зезыхьэ субъектхэм щамыгъэзащІэ щыІэщ лэжьыгъэхэр, щыуэпсыр хьумэныкІэ законодательствэр. Апхуэдэу санитарием и хабзэхэр къыщыІэпхуэд, продукцэ кьыщІэтэхьныкІэ Іуэхутхьбзэхэр зэрыщІэкІ лэжьакІуэхэр зэрагъэпэщыгъэну планхэр щызэхальхьэкІэ, апхуэдэ къещыпытэныгъэхэр щрагъэкІуэкІэ зэпыщІауэ щытыныр, информацІкІэ зэхъуэжьныр теухуа приказ.

Иджыри зэ фигу кьыдогъэкІыж къыщыпытэныгъэхэр кьызэгъэпэщыныкІэ, абыхэм къарикІуахэр зэхэлъхьэжьныкІэ хабзэхэр кьызэпыщІудхэм, я кьулыкьур кьагъэсэбэнурэ, мыкьумэщІагъэ ялэжьауэ къызэральытэнур. Апхуэдэ мыхьумыщІагъэхэм фыщрихьэлІэм деж къыщызэрагъэпэща Іуэхущапіэхэм я Президентым и Администрацэм коррупцэм еБэнын папщІэ къыщызэрагъэпэщащ ІэнатІэм хъыбар евгъащІэ хьунущ мы телефонхэмкІэ: 47-17-79, 47-32-56.

ШЕВЧЕНКЭ Юрий,
КЪБР-м и Президентым и Администрацэм экономикэ щынагъэншагъэм пыщІа Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщІ.

Щэупщіэ зиІэ хьэпшыпхэр

●Экономикэ

«Къэббалъкъ ТЭН» предприятэр ди республикэм къыщыІэзэІуахауэ щытащ 1991 гъэм. Абы ПъанэдэрэІ ар йолэжь зы щапхъэ хэхам имыт, бжьамий теплъэ зиІэ электронагреватель.

МЫ ЗЭМАНЫМ Іуэхущапіэм къыщІегъакІ щапхъэ зэмылІэжьыгъэхэм ит Іэмэпсымэу 680-м нэс. Ахэр къагъэсэбэп псыр, хьэуар, гъыщІым къыхэщІыкІа пкъыгъуэхэр, техникэм ирахьэлІэ дагъэхэкІэр къэгъэхуэбэнымкІэ. Дунейр зэримыуІэпІым, зэрышынагъэнищэм къыкъэкІыу ахэр нужьрей илъэсхэм куэду къыщыагъэсэбэп промышленностми унагъуэкэми.

«Къэббалъкъ ТЭН» предприятэм къыщІигъэкІым уВыпІэ ІъаГэ мызэ-мытІэу къыщыхьащ «Красная нива» мэкъумэщ предприятэр, «Александровскэ» агрофирмэ ОАО-р. Силосым къыщыпэмыщІауэ, мы хозяйствэхэм мэкъуу тонн 1560-рэ яГъэтЫылъащ.

Районым бжьыхьэ лэжьыгъэхэр зэпэщу щегъэкІуэжІыныкІэ, мэкъумащІэ гъэхъэзыырыныкІэ дэІэпыкъуэгъу хъуащ техникэр тэмэму зэрызэрагъэпэщыжар. Иджы механизаторхэм я зэІэкІ псори ирахьэлІэ адрей бжьыхьэ Іуэхуэхэри зэфІэгъэзэкІыным. Гъавапхъэ нартыху гектар 1950-р, гъэм и щытыкІам елъытауэ, Іей хъуакъым, и зэманым псы зэрыщІагъэльэдам и фІыгъэкІэ. Ар кьанэ щымыІэу Іуэхьжьыну хуэнэсащ. Иджыпстау гъавэр зэрагъэхьабзэхэр, н.къ. ЩІэныгъэм зэрыжаІэмкІэ, предприятэм нэхъри зиужьыну Іэмал щыІэщ.

ЛЬОСТЭН Муссэ.

Бжьыхьэ лэжьыгъэхэм йоужьрэкІ

МАЙ КУЕЙМ мы гъэм силосыпхъэ нартыхуу щыІэрэхьар гектар 1200-м нобдлагъэ. Абы Іусыпхъэу тонн мин 15 къаритыну щогуГъ. ЩІымахуэр къыщыхуэтыншэу хозяйствэхэм ирахьи папщІэ ар яхурикъунущ.

Псом зэпэ кІэрыхуншэу силосыпхъэ нартыхур щыІуэахыжащ «Новоивановкэ» щІыхубэ предприятэм. Бжьыхьэ уэлбанэм щІимыдзэ щІыкІэ а Іуэхур зэрыщэфІагъэкІыным йоужьрэкІ Къэбэрдей» шы лъэпкъыфІ заводыр, щІыналъэ телъыджэм, абы и лъэныкъуэкІэ къащтэмэ, Іэджэ щыпхузэфІэгъэкІынут.

ХьэщІэм жиІахэм пажу куэд зэрыхэлъыр къыхигъэщри, Парламентым и спикерыр тепсэлъыхьащ щэнхабзэм, гъуэзджэм я Іуэхущапіэу ЩэнхабзэмкІэ Мосс Жаклин Кіыщ Мухьэдин Малагэ (Андалузие) Университетым щригъэкІуэкІа гъэлъэгъуэныгъэм и каталогыр Парламентым и Унафэщім иратащ. Бечелов Ильяс роз гъэгъа Іэрамэпхуэкіэ Мосс Жаклин хуэупсащ, Кіыщ Мухьэдини Къэбэрдей-Балъкъэрым и ерыщ гъэщІэрэщІар иратащ.

МЭЗ Ириной,
КЪБР-м и Парламентым и пресс-секретарь.

Сурэтыр тезыхар **ЕЛЪКЪЭН Артурщ.**

Зы тхьэмахуэм и кІуэцІкІэ

«Урысейм и ПравительствэщІэр абы и унафэщІыр щагъэувам щегъэжьауэ къыкІэльыкІуэ махуэ 7-м къыфІэдыуэ къыщІэкІынущ».

Премьер-министр Зубков Виктор апхуэдэу щыжаІащ иджыблагъэ Президентым щыІуэщІам. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, Правительствэм хьихьыкуэр фокІадэм и 21-м хэІуэщІыІу хъунущ.

ЩІэпхъаджагъэ хьэлъэ

Ингушым и Сунжэ районым щаукІащ куейм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и отделым уголовнэ къэлъыхьэныгъэхэмкІэ и кьудамэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ, милицэм и майор Мириев Абдурахьманэ.

ЩІэпхъаджагъэхэр къэзылъыхьуэхэм зэрыжаІамкІэ, я лэжьэгъэм къытеуахэм я лъагъэм техьащ икІи мыгувэу ахэр наІуэ къащІынущ.

КъулыкъукІэ докІуей

Бастрыкин Александр иджы УФ-м и прокурор Нухьашыкъуэм я япэ кьуэдгъэкІыжащ и Следственнэ комитетым и унафэщІщ. Апхуэдэ унафэ дыгъуасэ къыщащтащ Федерацэмкіэ Советым и бжьыхьэ сессием и япэ зэІуІэм.

Мылъку хэкІыпІэ ящІат

Наркополицэм щыщхэм Іуэхутхъэ щыхуэкІа щрагъэкІуэкІы Краснодар куейм щаубыдащ наркотик щхьэтхъэр куэд дыдэу зыщ щыджан унагъэ.

Щыдамагъэхэм, хабзэм и лэжьакІуэхэм псэуалъэр ебгъэкІуэныгъэкІэ кьащтэн хуей хъуащ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

ФокІадэм и 20, *махуэку*

♦Илъэс 50 и пэкІэ (1957) зэхэтащ Іуэхугъуэщхьэу тхыдэм хьыка Китайм и Компартым и ЦК-м и 3-нэ пленумыр. Абы къыщащтауэ щытащ экономикэм унэтІныныгъэ хэхам тету зегъэужьыным теухуа унафэ.

♦ФокІадэм и 20 - 23-кэм Сочи щыІэкІынущ «Кубань-2007» 6-нэ дунейпсо экономикэ форумыр. Абы хьыхьэу Іэтауэ яГъэлъэпІэнущ Краснодар крайр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 70, къэзакъэр кубаньшІым зэритІысхьэрэ ильэсэ 115-рэ зэрырикъур.

♦ФокІадэм и 20 - 22-кэм Мэзкуу щекІуэкІынущ Алтай крайм щэнхабзэмкІэ и махуэхэр (куейр илъэс 70 зэрырикъум теухуащ).

♦Илъэс 90 и пэкІэ (1917) къыхьащ ущых тхакІуэ, отставкэм щыІэ полковник, Хэку зауэшхуэм и ветеран Левин Ю.А.

♦ **Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакъикьэ 52-м, кьухьэкьэщІущ сыхьэт 19-рэ дакьикьи 8-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъэщ сыхьэт 12-рэ дакьикъ 16-рэ.**

ФокІадэм и 21, *марем*

♦ **Мамырыгъэм и дунейпсо махуэщ.** Япэу щагъэлъэпІар 1982 гъэм фокІадэм и 21-рщ, ООН-м и Генеральнэ Ассамблеем и XXXVII сессиер къыщыхьэІуэ махуэрщ.

♦Армениер, Мальтэ результатхэкэм я лъэпкъ гуфІэгъэщІ - щхьэхуэ щыхьуа махуэщ (1991, 1964).

♦ФокІадэм и 21 - 28-кэм Благовещенск щекІуэкІынущ «Амур бахьхьэ» 5-нэ урыс кинофорум зэІухащ.

♦Илъэс 60 и пэкІэ (1947) къалъхуащ театрымрэ кинорэ я актрисэ, Урысейм и щыхьэ артистхэр Остроумовэ О.М.

♦Илъэс 25-рэ и пэкІэ (1897 - 1982) дунеим ехьжащ Совет Союзым и Маршал (1955), Совет Союзым тІэунейр и Лыхьужь (1944, 1977) Багрямян И.Х.

♦ **Дыгъэр къыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 53-м, кьухьэкьэщІущ сыхьэт 19-рэ дакьикьи 7-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъэщ сыхьэт 12-рэ дакьикъ 14-рэ.**

Гъэдэхэр зэхуэхьэсыгъэхэр **ХЬэжьыкъарэ Алихан.**

Бзылъхугъэ ІэпщІэлъапщІэм и гъэлъэгъуэныгъэ

АДЫГЕЙ. ***Москва и «Эрмитажым» иджыблагъэ гъэлъэгъуэн щыпхьазащ Адыгейм и дышэкІ щІэрыІуэ Бутбуй Аслан и Іэдакъэщэкіэхэр. Ар ирихьэлІащ республикэр езым и фІэфІыныгъэкІэ Урысей къэралыгъуэм зэрыхьхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум махуэм зыгъэлъапІэхэм, тыгъэ гуапэ яхуэхьащ. Гъэльэгъуэныгъэм фІы кьыпхуэдэкІэуэ, уи ІэщІагъэм, зэфІэкІкІэм зэпымыууэ хэбгъэхьуэну, узынщагъэрэ гуфІэгъуэрэ уиІэну сынохьэхьэу.*** - дыкъыщоджэ ТхьэкІуэцІкІэ Аслъэнджэрий и хьэуэхъу тхыгъэм.

Бутбэ Леварс дунейм ехьжащ

АБХЪАЗ. ***Нужьрей илъэсхэм хьалъэу сымэджауэ. Абхъазым и сурэтыщІ щрихьэлІ Бутбэ Леварс иджыблагъэ дунейм ехьжащ.***

БУТБЭЛеварс Абхъазым и Сурэтыщіхэм я союзым и тащІ. 1998 гъэм щыщІдзауэ Абхъазым и сурэтыщІ щхьэхуитхэм я зэгухьэныгъэм, езым къызэригъэпэщам, и тхьэмадэ хъуащ. «Ахьдз Апша» (ЩІыхьрэ ФІыщІэрэ) Абхъазым и орденым и эскизыр зыщІар аращ.

Бутбэ Леварс и ныбжьыр илъэс 47-рэ хъууэ арат, ауэ ар щыпІэ куэдым къыщащІыхурт, пщІэ къыщыхьащІырт. Абы и сурэтхэр щыпсэльэгъуащ Сыхъум, Москва, Санкт-Петербург, нэгъуэщІ къалэхэми. Бутбэ и Іэдакъэщэкіэхэр щахъумэ Абхъазым и лъэпкъ сурэт гъэльэгъуапІэм, нэгъуэщІ щыпІэхэми. «Ахьдз Апшэ орденым и етІуанэ нагъыщІэр къыхуагъэфэщащ.

ХЬэщыкъуэй Олег.

КЪБР-м щыщхэм Москвэ дэЩІэныгъэ-гъэ щІагъэгъэныгъэ

КЪБР-м и Президентым яхугъэувэ пшэрыльным ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэ УФ-м и Президентым и деж зэпымыууэ щыІэм и Іуэхущапіэм щагъэуващ пІащІэгъэныгъэ уэдэсапІэ хьун телефон. Республикэм щащІу Москвэ къуэщІэ Іэпхъэ зыри, хуей хьумэ, а телефонымкІэ псалъэу зиритурэ дэІэпыкъуныгъэ щІэпхъуІу хъунущ.

ПащІэгъэуэ Іуэхуэмкіэ телефоныр: 8(495) 911-18-52.

Бжьыгъэхэм я йоужьрэкІ

Къэбэрдей-Балъкъэрым статистикэмкІэ и къэрал Іуэхущапіэм къыдигъэкІащ «Урысейм илъэс 450-рэ хьуауэ дыщыгъуэщ зи фІэщыгъэ, ди щІыналъэм и экономикэм, псэуакІэм зэрызыщиужьам теухуа тхыпІ щхьэпэ.

АБы ПСАЛЪЭПЭ хуэхъуащ тхэ кІуам Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и Парламентым хуиГъэхъа тхыпІэм щиш пычыгъэм, адыгэхэр езыхэм яфІэфІу Урысейм зэрыгухьам и Іэужьхэм теухуар.

Адэкіэ тхылъым щІыгъуаэз дыхуещІ ди щІыналъэм щыпсэухэм я бжьыгъэм, лэжьыгъэ Іэнатіэхэм, цІыхухэм я хэхъуэхэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ, егъэджэныгъэм, узынщагъэр хьумэным, мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым, ухуэныгъэм, транспортымрэ связымрэ, статум, финансхэм яГъэта зэхъуэжьныгъэхэм, мы зэманым яІэ щытыкІэм, кьапэщыт кьалэнхэм.

ІэщІагъэкІ куэдым кьахуэщьхэпэну мы лэжьыгъэр екІуу гъэщІэрэщІащ сурэтхэмкІэ, Іуэхугъуэ щхьэхуэхэм теухуа тхылъ кІэщ куп щІафІэхэмкІэ, таблицэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ.

Зы закъуэщ арэзы уэытемыхуэпхъэр: тхылъым и бжьыгъэ мащІэ дыдэщ.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.

●Тхылъыщіэ

Пэжыр дыщІэм ехьжащ нэхъ хьэщІэщ

Адыгэ Іалым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ещанэ зэхуэшэсыгъуэм щыщу хэкIыжахэм я пIэкIэ депутатхэр Бахъсэн №5, Республикэ №22, Кировскэ №23, Централнэ №38, Малэ Къэбэрдей №43, Шэджэм ЕтIуанэ №49 зы мандат хэхыпIэ округхэм щыхэхыжынымкIэ округ хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2007 гъэм фокIадэм и 17-м *Налшык къалэ №4/1*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэм я лъэныкъуэкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ я хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 25 статьям и пункт 1-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 20 статьям и пункт 10-м япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ещанэ зэхуэшэсыгъуэм щыщу хэкIыжахэм я пIэкIэ депутатхэр хэхыжынымкIэ полномочиехэр етын Бахъсэн зы мандат хэхыпIэ округ №5-м ехьэлIауэ - Бахъсэн къалэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм, Республикэ зы мандат хэхапIэ округ №22-м, Кировскэ зы мандат хэхыпIэ округ №23-м ехьэлIауэ - Налшык къалэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм, Централнэ зы мандат хэхыпIэ округ №38-м ехьэлIауэ Прохладнэ къалэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм, Малэ Къэбэрдей зы мандат хэхыпIэ округ №43-м ехьэлIауэ - Тэрч районым и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм, Шэджэм ЕтIуанэ зы мандат хэхыпIэ округ №49-м ехьэлIауэ - Шэджэм районым и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм.

2. Мы унафэм къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

3. Мы унафэр къытедзэн «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр щыхахкIэ кандидатым хэхыныгъэмкIэ и фондым, хэхакIуэ зэгухьэныгъэм хэхыныгъэмкIэ и фондым къыхэкIыу псори зэхэту нэхъыбэ дыдэу ахъшэу къагъэсэбэпыну зыхуитыр гъэувыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2007 гъэм фокIадэм и 17-м *Налшык къалэ №4/3*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 60 статьям и пунктхэу 5-м, 7-м, 8-м япкъ иткIэ икIи «2005 гъэм и федеральнэ бюджетым и IуэхукIэ» Федеральнэ законым, «2006 гъэм и федеральнэ бюджетым и IуэхукIэ» Федеральнэ законым, «2007 гъэм и федеральнэ бюджетым и IуэхукIэ» Федеральнэ законым, Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъум и ЩIыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къыита бжыгъэхэм тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. 2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и кандидатым хэхыныгъэмкIэ и фондым къыхэкIыу нэхъыбэ дыдэу къигъэсэбэпыну зыхуитыр сом 39450-рэ хъууэ гъэувын.

2. 2007 гъэм хэхакIуэ зэгухьэныгъэм и фондым къыхэкIыу нэхъыбэ дыдэу къигъэсэбэпыну зыхуитыр сом 1315000-рэ хъууэ гъэувын.

3. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къыщытедзэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Унафэ къыщацтэкIэ Iэ яIэтыну хуиту Iуащхьэмахуэ районым и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтхэу Абдуллаев Мустафа Исмэхьил и къуэм, Теммоев Исмэхьил Ахьмэт и къуэм я къалэнхэр ящхьэщыхыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2007 гъэм фокIадэм и 17-м *Налшык къалэ №4/4*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэм я лъэныкъуэкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ я хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 29 статьям и пункт 6-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4 статьям и пункт 2-м и «а» пункт къуэдзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2 статьям и «е» пунктым япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Унафэ къыщацтэкIэ Iэ яIэтыну хуиту Iуащхьэмахуэ районым и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтхэу Абдуллаев Мустэфа Исмэхьил и къуэм, Теммоев Исмэхьил Ахьмэт и къуэм я къалэнхэр ящхьэщыхын.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущапIэхэм къыщытедзэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Гизатулинэ Еленэ Виктор и пхъур, Курданов Сулимэн Салихь и къуэр унафэ къыщацтэкIэ Iэ яIэтыну хуиту Iуащхьэмахуэ районым и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2007 гъэм фокIадэм и 17-м *Налшык къалэ №4/5*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэм я лъэныкъуэкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ я хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 20, 22, 26 статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2 статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 7 статьям, «Я полномочиехэм я пIалъэр зэриухам къыхэкIыу щIэуэ къызэгъэпэщыжын хуей щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэмрэ абыхэм хэт цIыху бжыгъэмрэ я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м къищта Унафэ №109/10-1-м япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Унафэ къыщацтэкIэ Iэ яIэтыну хуиту Iуащхьэмахуэ районым и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэн:

Гизатулинэ Еленэ Виктор и пхъур, 1969 гъэм шыщхьэIум и 6-м къалъхуар, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэр, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм граждан IуэхухэмкIэ актхэр тхынымкIэ и отделым и бухгалтер нэхъыщхьэр, «Урысейм и аграрнэ парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къигъэлъэгъуар;

Курданов Сулимэн Сэлихь и къуэр, 1962 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м къалъхуар, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэр, «Эльбрусводоканал» ОАО-м и инженер нэхъыщхьэр, «Урысейм и либерал-демократие парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къигъэлъэгъуар.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущапIэхэм къыщытедзэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Унафэ къыщацтэкIэ Iэ яIэтыну хуиту Бахъсэн районым и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтхэу ЖапIу Марьянэ Мухьэмэд и пхъум, Мыд Оксанэ Мухьэдин и пхъум, Нэгъуей Верэ Хъызыр и пхъум я къалэнхэр ящхьэщыхыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2007 гъэм фокIадэм и 17-м *Налшык къалэ №4/6*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэм я лъэныкъуэкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ я хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 29 статьям и пункт 6-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4 статьям и пункт 2-м и «а» пункт къуэдзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2 статьям и «е» пунктым япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Унафэ къыщацтэкIэ Iэ яIэтыну хуиту Бахъсэн районым и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтхэу ЖапIу Марьянэ Мухьэмэд и пхъум, Мыд Оксанэ Мухьэдин и пхъум, Нэгъуей Верэ Хъызыр и пхъум я къалэнхэр ящхьэщыхын.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущапIэхэм къыщытедзэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

КIэщт Музарин Хъусен и къуэр, Нэхущ Эльвирэ Арсен и пхъур унафэ къыщацтэкIэ Iэ яIэтыну хуиту Бахъсэн районым и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2007 гъэм фокIадэм и 17-м *Налшык къалэ №4/7*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэм я лъэныкъуэкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ я хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 20, 22, 26 статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2 статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 7-м статьям, «Район, къалэ (республикэ унафэм щIэт къалэ) щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм хэт цIыху бжыгъэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2003 гъэм фокIадэм и 22-м къищта Унафэ №41/5-7-м япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Унафэ къыщацтэкIэ Iэ яIэтыну хуиту Бахъсэн районым и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэн:

КIэщт Музарин Хъусен и къуэр, 1946 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м къалъхуар, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэр, Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и отделым и унафэщIыр, лэжьакIуэхэм я зэIущIэм къыщагъэлъэгъуар;

Нэхущ Эльвирэ Арсен и пхъур, 1984 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къалъхуар, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэр, Ислъэмей къуажэм дэт курыт еджапIэ №2 муниципальнэ IуэхущапIэм и педагог-психологыр, «Зыуэ щыт Урысейм и гвардие ныбжьыщIэ» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къигъэлъэгъуар.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущапIэхэм къыщытедзэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Унафэ къыщацтэкIэ Iэ яIэтыну хуиту Бахъсэн къалэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтхэу Баженовэ Еленэ Владимир и пхъум, Къаныкъуэ Валерий Уэт и къуэм я къалэнхэр ящхьэщыхыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2007 гъэм фокIадэм и 17-м *Налшык къалэ №4/8*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэм я лъэныкъуэкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ я хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 29 статьям и пункт 6-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4 статьям и пункт 4-м и «2» пункт къуэдзэм, пункт 2-м и «а» пункт къуэдзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2 статьям и «е» пунктым япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Унафэ къыщацтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Бахъсэн къалэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэт Баженовэ Еленэ Владимир и пхъум и къалэнхэр щхьэщыхын езыр къызэрылъэIуам къыхэкIыу.

2. Унафэ къыщацтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Бахъсэн къалэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэт Къаныкъуэ Валерий Уэт и къуэм и къалэнхэр щхьэщыхын.

3. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущапIэхэм къыщытедзэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Аджий Мухьэмэд Хьэсэн и къуэр унафэ къыщацтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Бахъсэн къалэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2007 гъэм фокIадэм и 17-м *Налшык къалэ №4/9*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэм я лъэныкъуэкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ я хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 20, 22, 26 статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2 статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 7 статьям, «Район, къалэ (республикэ унафэ щIэт къалэ) щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм хэт цIыху бжыгъэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2003 гъэм фокIадэм и 22-м къищта Унафэ №41/5-7-м япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Унафэ къыщацтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Бахъсэн къалэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэн Аджий Мухьэмэд Хьэсэн и къуэр, 1980 гъэм бадзэуэгъуэм и 31-м къалъхуар, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэр, Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм прогнозымрэ экономикэ анализымкIэ и отделым и IэщIагъэлI нэхъыщхьэр-экономистыр, Бахъсэн къалэ округым и Советым къигъэлъэгъуар.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущапIэхэм къыщытедзэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Экономикэ
Кавказ Ищхъэрэ

МАХУЭКУ

Политикэ
Жылагъуэ Iуэху

Хэт мэзхэм мафIэ щIэзыдзэр?

●УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

Америкэм хьэлэбэлыкъ къыщаIэтащ сабийхэм папщIэ Китайм щагъэхьэзыра къупщхьэ гуащэхэм щхъухь хэлъу къызэрыщIэкIам къыхэкIыу. Апх уэдэ гуащэ хэр минищэ бжыгъэкIэ, сатуущIэхэм къытрахыурэ, къыздраша щIыпIэм ирагъэшэж. Ди къэралым и тыкуэнхэми щIэзу щIэлъщ Китайм щащIа къупщхьэ гуащэхэр. Абыхэм щхъухь хэлърэ хэмылърэ зыгуэрхэм къапщытэрэ, хьэмэрэ ди сабийхэм я узыншагъэр зыхуэдэр зыми къыфIэмыIуэхурэ?

Смирновэ Л., *Задонск.*

УпщIэм ж эуап кърет Урысейм Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ и Академием и гъэунэхуакIуэ лабарат орэм и унафэщIым и къуэдзэ Барсуковэ Наталье.

- Дауи, къыдопщытэ сабийхэр зэрыджэгу хьэпшыпу тыкуэнхэм къыщIалъхьахэр. Компание пIащэхэм, сатукIэ Китайм пыщIахэм, апхуэдэ хьэпшыпхэр куэду къащэхуным и пэкIэ, езыхэм ди деж къытхуашэурэ, къыдагъэпщытэ. Къупщхьэ гуащэхэм я процент 20-м хуэдизыр щхъухь зыхэлъу къыщIокI. КъытпэщIохуэ бдзапцIэ, фенол, нэгъуэщI щхъухьхэри куэд дыдэу зыхэлъ хьэпшыпхэри - ахэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, дертышхуэ зиIэу къыдолъытэри, тыкуэнхэм дгъакIуэркъым. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, санитарно-эпидемиологие экспертизэ ямыщIауэ, щэхуу бэзэрхэм, уэрамхэм щащэ сабий хьэпшыпхэри мащIэкъым. Абыхэм защытхъумапхъэщ - къэвмыщэху фIагъымкIэ сертификат зимыIэхэр. Мыри зэвгъащIэ: щхъухь зыхэмылъ хьэпшыпхэм мэ гуащIэ зэи къакIэрихыркъым.

Ди къэралым и еджапIэхэм оценкэу ягъэувыр зэрыхъур тху къудейщ. Ар мащIэIуэщи, егъэджакIуэхэм къагъэсэбэп + е - дамыгъэхэр. Ауэ щыхъукIэ, хамэ къэрал куэдым оценкэу ягъэувыр 10 - 12 хуэдиз мэхъу. Сыт апхуэдэ щапхъэфIым ди деж гъуэгу щIыщимыгъуэтыр?

Романовскэ Д., *Ижевск.*

Щыгъуазэ фыхудощI ЕгъэджэныгъэмкIэ Урысей Академием хэт, профессор Асмолов Александр и Iуэху еплъыкIэм:

- Пэжщ, тэмэмкъым баллу тху фIэкIа мыхъу оценкэр. Мы Iуэхум зэхъуэкIыныгъэ хэтлъхьэн зэрыхуейрэ куэд щIащ. Ауэ егъэджэныгъэр сыт хуэдэ жэрдэмыщIэри дахэдахэу щыпхымыкI системэщ. ОценкэщIэр къагъэсэбэпу зэрыщIадзэу, куэд дыдэ щIыпIэ щхьэхуэхэм щызэхагъэзэрыхьынкIи зыхуэIуа щыIэкъым. Мы зэманым ди къэралым щыIэщ баллу пщIы, уеблэмэ 100 къыщагъэсэбэп еджапIэхэри. Апхуэдэ оценкэхэм нэхъ къахэхыпхъэр къызэрыпщIэнур гъэунэхуныгъэр (экспериментхэр) ебгъэкIуэкIыурэщ. Ауэ зэкIэ абы теухуауэ зы лъэжьыгъи щыIэу дыщыгъуазэкъым.

ЗэраIуатэмкIэ, Грецием, Италием, нэгъуэщI къэралхэми хабзэхъумэхэм къыщаубыдащ мэзым мафIэ щIэзыдзауэ, хэщIыныгъэшхуэхэр щIыуэпсым езытауэ цIыхуищэ зыбжанэ. КъызгурыIуэркъым, сыт абыхэм апхуэдэу щIащIар?

Изо товэ В., *Геленджик.*

Куэдым Iэджэ яIуатэ - хъуни мыхъуни. Еджагъэшхуэ, СССР-м и къэрал саугъэтыр щIэныгъэмрэ техникэмрэ щиIэ ехъулIэныгъэхэм къапэкIуэу зрата Бородзич Эдуард къызэрилъытэмкIэ, мафIэсхэм я щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр щIым и щытыкIэм зэрызихъуэжырщ - жыгхэр зэрыгъурщ, гуэлхэр зэригъущыкIырщ, тхьэмпэ гъурхэр, торфхэр дыгъэ гуащIэм къыщигъэлыд щIэх-щIэхыурэ къызэрыхъурщ.

Москва автомобиль лъапIэйуэ (евро минищэ зыбжанэ зи уасэхэм ящыщу) зыкъом щадыгъуауэ жаIэ. Апхуэдэ автомобилу ди къэралым щызекIуэр зыхуэдизыр белджылыуэ пIэрэ?

Василев Денис, *Нерюнгри.*

«Элитэ» жыхуаIэ автомобилхэр ди къэралым къизышэ IэщIагъэлIым щыгъуазэ дызэрыхуищIамкIэ, Урысейм иужьрей илъэсищым «Бентли», «Феррари», «Ламборгини» жыхуаIэ автомашинэхэм щыщу 560-рэ хуэдиз, хабзэм езэгъыу, къыхэхъуащ. Хабзэншагъэ хэлъу беижьхэм автомашинэу зыIэрагъэхьар зыхуэдизым зыри щыгъуазэкъым. Хэт сымэ «хуарэ» телъыджэхэм шэсыфыр? Олигарххэмрэ къулыкъушху эм пэрытхэмрэ къадэкIуэу, «шуэйхэм» яхэтщ хьерышхуэ зиIэ хьэрычэтыщIэхэр, актер, уэрэджыIакIуэ, спортсмен цIэрыIуэхэр. Псалъэм папщIэ, Пугачевэ Аллэ мы зэманым къызэрикIухьыр еврэ мин 300-м щIигъу зи уасэ «Роллс-Ройс» жыхуаIэ автомобилырщ.

Иджыблагъэ си нэгум щIэкIащ щIалэ зыбжанэ кIэрахъуэкIэ зэхэуэу. Сызэрышынар щилъагъум, зэгуэрым си гур «фIы» къысхуищIащ: «Умыгузавэ, шэ хэр къызыхэщIыкIар бдзапцIэкъым, хьэфэщ». Хьэфэуи щрет, абыкIэ уэзэуэныр хабзэм езэгърэ?

Потаповэ В., *Ставрополь.*

Ставрополь ОВД-м и лэжьакIуэ, милицэм и подполковник Аказин Дмитрий жеIэ:

- Хабзэм къызэригъэувымкIэ, сыт хуэдэ IэщэлIэужьыгъуэри къэбгъэсэбэп щыхъунур IэмалыншагъэмурихулIэмэщ, уи гъащIэмкIэ шынагъуэ уиIэ хъуа нэужьщ. Апхуэдэ щхьэусыгъуэм къыхэкIыу уи фочыр е кIэрахъуэр бгъэуамэ, зыгуэр уIэгъэ е укIыгъэ пщIамэ, а къэхъугъэмкIэ псынщIэу хъыбар егъэщIапхъэщ щIыпIэ милицэм и лэжьакIуэхэм. Iэщэр зепхьэну узэрыхуитымкIэ тхылъ уиIэми, кIэрахъуэр (е фочыр) пIыгъын хуейкъым учэфмэ е цIыху куэд щыпэкIу дауэдапщэхэм ухэтмэ.

Къуажэм сыдэсщ. Си щIапIэм унэшхуитI исщIыхьащ. Ар хабзэм емызэгъыу къызжаIэурэ, си гъунэгъухэм сагъэшынэ. Сыт Iуэхум и пэжыпIэр?

Ожгихин Г., *Магнитогорск.*

Хьэуэ, ухуитщ узыхуейм хуэдиз унэ уи щIапIэм щыпщIыну. Ауэ дэтхэнэ ухуэныгъэри хабзэ пыухыкIахэм езэгъыу щытыпхъэщ (а хабзэхэр къыщыбжаIэнущ район е жылагъуэ администрацэм). ЩхьэзыфIэфIу, хабзэ-бзыпхъэх эм емызэгъыу пщIа унэр дэфтэркIэ пхузэгъэубыдылIэнукъым, пщэнуи, птынуи, бэджэнду зыгуэрым урихуэупсэнуи ухуиткъым.

Хэхыныгъэхэр къыщыблагъэкIэ, депутатыгъэм хущIэкъухэм пцIы куэд къытхуаупс, ди улахуэ хэр, пенсэхэр ину тхухагъэхъуэну, гъащIэфI къытхузэрагъэпэщыну жаIэурэ. Зыхуейр зрагъэгъуэта, депутату хаха нэужь, дыкъызэрагъэгугъа псори абыхэм ящогъупщэж. Апхуэдэ депутатхэр судым епт хъуну пIэрэ, дыкъызэрагъэпцIам къыхэкIыу?

Рыков Л., *Самарэ.*

Къэрал Думэм и депутат, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор Крашенинников Павел зэрыжиIэмкIэ, хэхакIуэхэм ящIэн хуейщ дзыхь зыху эпщI хъунухэмрэ мыхъунухэмрэ. УкъагъэпцIамэ, уэращ абыкIэ къуаншэр. Къэрал хабзэм гъэпцIакIуэу къилъытэр мылъкукIэ дыгъу эхэрщ, армыхъ умэ псалъэкIэ «батэкъутэр» зыгъэшхэркъым.

Хамэ къэралхэм кърашурэ, спорт клубхэм тренеру щагъэлажьэ IэщIагъэлI Iэджэ. Абыхэм улахуэшхуэ хуагъэуву жаIэ. Ар пэж?

Долгоносик Л., *Смоленск.*

Ди къэралым и футбол командэ нэхъыщхьэр зыIэщIалъхьа Хиддинк Гус зы илъэсым къриубыдэу улахуэу ират еврэ мелуанитI. Куржым и апх уэдэ командэм и тренер Топмеллер Клаус илъэсым къыхэхъуэр мелуан закъуэщ. Хамэ къэрал тренерхэр яIэщ Арменией (Пор-терфильд Ян), Къэзахъстаным (Пайперс Арно), Эстонием (Йенсен Вигго), нэгъуэщIхэми. Абыхэм я улахуэр зыхуэдизыр ябзыщI. Ауэ, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, зы илъэсым тепщIыхьмэ, доллар минищэм щIигъуну къыщIэкIынукъым.

«Аргументы и факты», «Аргументы недели», «Труд-7» газетхэм къитхыжащ.

●Обозревателым и псалъэ

ДефIакIуэуи?

ХАБЗЭ зэрыхъуащи, мыгъуагъэ гуэр къыщыблагъэм деж псынщIэ дыдэу зыхащIэри, журналистхэр унафэщIышхуэхэм йоупщI:

- ДыщIэгузэвэн щыIэ?

- Хьэуэ, лIэун,- кърат жэуап модрейхэм, - псори хъарзынэу екIуэкIынущ, дефIэкIуэнущ.

Заул докI. Журналистхэм я гур зэрыгъум кърокIуэри, мыгъуагъэр ди гъащIэм къыхохьэ.

УнафэщIышхуэ хэм, зыри къэмыхъуам хуэдэу, жаIэIаркъым. Ауэ журналистхэр йобгъэрыкIуэри, заухеижын хуей мэхъу:

- Iей лъэпкъ къэхъун хуеякъым. Ауэ къэхъуами, фигу фымыгъэныкъуэ, дгъэзэкIуэжынщ, дефIэкIуэнщ!..

Зыми зыри игъэзэкIуэжыркъым. Сыт щхьэкIэ? ЦIыхубэм я дежкIэ мыгъуагъэр унафэщIышхуэхэм я дежкIэ тхъапIэшхуэ мэхъу - я улахуэхэр, хэхъуэхэр куэду мэбагъуэ. Апхуэдэ къэхъугъэ хьэдэгъуэдахэу тхыдэм хохьэ «дефолтыр», «прихватизацэр», «ваучерхэр», нэгъуэщI гуэрхэри.

ИтIани, я напщIэр мыхуадэу, къэралым и лIыщхьэхэм зэресам хуэдэу жаIэ:

- ДофIакIуэ!.. ДыщIэшышэн щыIэкъым!..

А псалъэ дыдэхэр журналистхэм мазэ зыбжанэ япэкIэ къажриIащ мэкъумэш Iуэхухэр зыIэщIэлъ Гордеев Алексей. Мыпхуэдэуи и псалъэхэм къащIигъужащ:

- Дунейр уэгъуми, ди Iуэх ухэр Iейкъым. Гуэдзу, нартыху у, нэгъуэщI гъавэхэкIыу дызрикъ унум ху эдиз диIэщ. Уеблэмэ хамэ къэралхэми дадэIэпыкъуфынущ!

Ауэ сыт тлъагъур? ЩIакхъуэм и уасэм хохъуэ. ЛъапIей мэхъу лыр, гъэшыр, уеблэмэ хадэхэкIыр. Мэбагъуэ сондэджэрхэр.

ИтIани, нэхъапэх эми ху эдэу, унафэщIышху эх эм щаIуэж:

- ДофIакIуэ!..

Абых эм зи гугъу ящIыр езыхэм я псэукIэр арагъэнущ. Газетхэм зэман-зэманкIэ зэратхымкIэ, пэж дыдэу, УФ-м и Правительствэм хэтхэм я жыпым жьы щызепщэркъым. Ахэр мелуанырыбжэщ.

ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбий.

●ЩIэпхъаджащIэхэр

"Дэ быдэхэр" якъутэ

Иджыблагъэ Москва къалэ судым тезыр зэмылIэужьыгъуэхэр ятрилъхьащ «Дэ быдэ» зи фIэщыгъэ щIэпхъаджащIэ гупышхуэм щыщу пщыкIузым. Абыхэм я «унафэщIхэм» - Пылев Олег, Махалин Сергей, Михайлов Олег сымэ - я гъащIэм щыщу къахуэнэжа илъэсхэр дяпэкIэ тутнакъэщым щагъэкIуэнущ. Абыхэм я гъусахэми тралъхьащ тезыр хьэлъэ дыдэхэр. СудыщIэр унафэм къызэреджэу, уэчылхэр зэрыгъэкIиящ: «ГуащIэIуэщ тезырхэр! ЩIэрыщIэу дытхьэусыхэжынущ!»

«ДЭ БЫДЭ»гупым ди къэралым и къалащхьэр гузэвэгъуэ Iэджэм хагъэтащ. ЛIыукIхэм яIэщIэкIуэдащ цIыху хыщI хуэдиз. Зи псэр ягъэнахэм ящыщщ Квантришвили Отари, Солоник Александр, пщащэ тхьэIухуд Котовэ Светланэ - дэтхэнэм и цIэр къипIуэн?..

Москвадэсхэм зэраIуатэмкIэ, щIэпхъаджащIэ гупыр цIыху мин хуэдиз хъурти, зыкъомыр хабзэхъумэхэм яукIащ, языныкъуэхэр хамэ къэралхэм Iэпхъуащ, нэгъуэщIхэри, «хьэрычэтыщIэ» зыфIащыжауэ, адэ-мыдэкIэ щолажьэ.

Гупыр зэхэзышар Псков областым къикIыу Москва къэкIуа, Орехово-Борисовэ къалэм къыдэтIысхьа Тимофеев Сергейщ, «Сильвестр» цIэ лейр зыфIащыгъ. Абы тIэкIу-тIэкIуурэ зэригъэхьащ дыгъуэгъуакIуэхэр, зэкет Iуэху зезыхуэхэр, Iэщэ, афиян зыщэхэр. Гупым кIэхэр хабзэ ткIийм тету «зэдэлажьэрт» - хъунщIэрт, лей зэрахьэрт, цIыхухэр, зыуи кIащымыхъуу, яукIырт.

1994 гъэм Тимофеевыр лымыгъэкIэ къиугъуея, «лъы зыкIэрылъ» ахъшэр бизнесым хилъхьэу щIедзэ. Арауэ къыщIэкIынущ зытекIуэдари. Сильвестр зэрыса «Мерседесыр» лагъымкIэ къагъэуауэри, щIэпхъаджащIэм и къупщхьэхэр ерагъыущ зэрызэхуахьэсыжар.

Мыгувэу «Дэ быдэм» унафэщI хуэхъуахэщ Ветошкин Николай, Буторин Сергей, Пылевхэ Олегрэ Андрейрэ. Абыхэм къызэрагъэпэщащ киллерхэм (лIыукIхэм) я спецназ. Абы хэтт хабзэхъумэу лэжьахэр, офицерхэр, ГРУ-м, ФСБ-м, милицэм щыщхэр. Ахэр «хуэIэзэ» хъуат цIыху укIыным: Iэуэлъауэншэу, псынщIэ дыдэу лъэныкъуэ ирагъэзырт зэран къахуэхъухэр. Апхуэдэ лIыукIхэм ящыщ зыр - Пустовалов Александр - хабзэхъумэхэм къащыIэрыхьар цIыху 28-рэ иукIа нэужьщ.

Гупым хэтхэр апхуэдизу удэфат, зыми фIэмылIыкIыж хъуати, яукIахэм я хьэдэхэр дахэ-дахэу ягъэпщкIужыртэкъым, Борисовэ гуэлхэм я Iуфэм яшэрти, щрадзырт, щIамыхъумэуи къагъанэрт.

Иужьрей илъэсхэм МУР-м хэтхэм къалэн ткIий щащIат щIэпхъаджащIэ гупышхуэр ягъэкIуэдынуи, хабзэхъумэхэр жэщ-махуэ ямыIэу «къалъитIысхьэу» щыхуежьэм, лIыукIхэм я Iэтащхьэхэр зэбгрыжащ, хамэ къэралхэм (псом хуэмыдэу Испанием) зыщагъэпщкIуащ. Ауэ а щIыпIэхэм щыIэ хабзэхъумэхэр къадэIэпыкъуурэ, МУР-м хэтхэм къаубыдащ Пылев Андрей, Буторин Сергей, нэгъуэщIхэри.

ГъэщIэгъуэнщ мыри: Буториныр милицэм къимылъыхъуэж хъуат, лIауэ зигъэIуати (уеблэмэ, Николо-Архангельскэ кхъэм и мащэр къыщатIри, фэрылъ сыни щыгъуазэхъуащ). Хьэдрыхэм мыкIуар Испанием къыщагъэтри, лъэхъуэщым ирадзащ.

Нобэр къыздэсым щIэпхъаджащIэ гупышхуэм щыщу тезыр зытралъхьэр зэрыхъур цIыху 31-рэщ. Адрейхэр къалъыхъуэ.

ДАНИЛКИН Александр.
«Труд».

●Къайгъэ

Гитлер и хэранкIэ

НЭМЫЦЭбзылъхугъэ, телевиденэм и «вагъуэ» Херман Евэ, зэрыхъуари имыщIэу, Ещанэ рейхым унагъуэм теухуа и политикэм щытхъуат. Ар къызэращIэу, NRD телеканалым и унафэщIхэм Херман Евэ и лэжьапIэм къыIуагъэкIащ, ар илъэс тIощI хъуауэ икIи ныкъусаныгъэншэу диктор къулыкъум зэрыпэрытар зыуи кърамыдзэу, зэрыпсэун мылъкукIи («выходной пособие» жыхуаIэмкIи) къыдэмыIэпыкъуу.

Херман ныбжьэгъу захуищIыртэкъым «ижьхэми» «сэмэгухэми», ауэ, зэрыжаIэщи, щIыпIэ джафэ дыдэм и деж щылъэпэрэпащ - Гитлер Адольф фIэкъабылу щыта унагъуэ политикэм теухуауэ мыпхуэдэ псалъэхэр къыжиIэри: «А зэманыр гугъусыгъут. Гитлер щхьэпсыншэт, къызыхэкIа лъэпкъыр нэрылъагъуу щыхупIэм хуишэрт. Ауэ фIы гуэрхэри щыIащ. Псалъэм папщIэ, пщIэ нэхъыбэ хуащIырт сабийхэм, анэхэм, унагъуэхэм».

Херман къызэрилъытэмкIэ, «фIы гуэри» щымыIэжу, къэралыр ирагъэхуэхат иджырей политикэ лэжьакIуэхэм, абыхэм я IупэфIэгъухэм, «хиппи» жыхуаIэхэм, «щIалэгъуалэ зэщIэхъееныгъэм» хэтхэм. Абыхэм ядэнт уахуэшхыдэу? Бзылъхугъэр епцIыжакIуэу, щIэгъэстакIуэу ягъэIуащ. Ар яубу щIадзащ политикэ лэжьакIуэхэми, социал- демократхэми, журт зэщIэхъееныгъэми.

Фигу къэдгъэкIыжынщ Ещанэ рейхым унагъуэ Iуэхухэр зэрыщыщытар. Сабий нэхъыбэ къызэралъхуным цIыхубзхэр хураджэурэ, къэралым щагъэуват «Анэ жор» зыфIаща орденыр, нагъыщэу щы зиIэр. Сабийуэ плIы къэзылъхуахэм иратырт жэз нагъыщэр, хы зыпIым - дыжьыныр, 8 е нэхъыбэ къэзыгъэхъум дыщэ нагъыщэмкIэ хуэупсэрт. Зэ еплъыгъуэкIэ, ар хъарзынэ хуэдэт. Ауэ, дауи, мыхъумыщIагъэшхуэт мыр: нэмыцэ цIыхубзхэм я сабийхэр къыщIалъхур зауэм хэтын, нэгъуэщIхэм къытрах, къуэкIыпIэмкIэ къыщаубыд щIыналъэхэм ирагъэтIысхьэн щхьэкIэт.

Гитлер и зэманым цIыхубз мыузыншэхэр (зи щхьэкуцIым сэкъат иIэхэр) зэтраукIэрт, сабий зэзымыгъэгъуэтыну мурад зыщIахэр хьэлэбэлыкъ Iэджэм хадзэрт, яукIыну жаIэурэ. Бзылъхугъэхэр хуиттэкъым хэхыныгъэхэм хэтыну, политикэ къулыкъу лъагэ пэрыувэну, судыщIэу е уэчылу лэжьэну.

А псори къэплъытэмэ, гурыIуэгъуэ мэхъу Херман Евэ зэрыщыуар, ар национал - социалистхэм ящытхъун зэрыхуэмеяр.

ЯВЛЯНСКИЙ Игорь.
«Известия».

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

●Индие

Индиер щхьэхуит зэрыхъурэ илъэс хыщI щрикъум ирихьэлIэу къэралым щекIуэкIа президент хэхыныгъэм щытекIуэри, Индием и Iэтащхьэ хъуащ Пратибхэ Патил, Неру - Ганди сымэ я унагъуэм фIыуэ къалъагъуу щыта бзылъхугъэ щыпкъэр. Мы къэхъугъэм теухуа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр Индием и жылагъуэ куэдым